

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Tina hasil analisis kana hasil carpon siswa RSBI jeung siswa Reguler kelas VII SMPN 1 Lembang bisa kapanggih, yén di kelas RSBI aya 72,73% siswa nu geus mampu ngalarapkeun éjahan dina nulis carpon, sedengkeun 27,27% siswa can mampu ngalarapkeun éjahan dina nulis carpon. Di kelas Reguler 82,35% siswa nu geus mampu ngalarapkeun éjahan dina nulis carpon, sedengkeun 17,65% siswa can mampu ngalarapkeun éjahan dina nulis carpon.

Ku kituna, bisa dicendekeun yén 72, 73% siswa di kelas RSBI geus mampu ngalarapkeun éjahan dina nulis carpon jeung 82,35% siswa di kelas Reguler geus mampu ngalarapkeun éjahan dina nulis carpon. Bisa ditempo tina data di luhur, yén siswa kelas Reguler leuwih mampu dibandingkeun jeung siswa RSBI dina ngalarapkeun éjahan dina nulis carpon.

Carpon dianalisis dumasar kana aspék eusi, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, ngagunakeun tanda baca, jeung karapihan tulisan.

1) Dina aspék eusi

Ditempo tina ieu aspék, 54,54% siswa RSBI geus luyu jeung hal anu diajén dina aspék mekarkeun eusi. Dina kelas Reguler 67,65% siswa geus luyu jeung hal anu diajén dina aspék mekarkeun eusi. Ditempo tina data di luhur bisa dicindekeun yén dina aspék eusi carpon siswa Reguler leuwih unggul tibatan siswa RSBI dina mekarkeun eusi carpon.

2) Aspék Nuliskeun Aksara

Ditempo tina ieu aspek, di kelas RSBI aya 5 rupa kasalahan dina nuliskeun aksara gedé jeung 40 rupa kasalahan dina nuliskeun vokal é, e, jeung eu. Sedengkeun di kelas Reguler aya 4 rupa kasalahan dina nuliskeun aksara gedé jeung 29 rupa kasalahan dina nuliskeun vokal é, e, jeung eu. Dina nganalisis carpon kelas RSBI jeung Reguler kapanggih 68,18% carpon siswa RSBI jeung 52,94% carpon siswa Reguler masih aya kasalahan dina nuliskeun aksara gedé, sakabéh carpon siswa RSBI jeung 88,23% carpon siswa Reguler masih aya kasalahan dina nuliskeun vokal é, e, jeung eu. Bisa dicindekkeun yén dina aspék nuliskeun aksara siswa Reguler leuwih saeutik nuliskeun kasalahan tibatan siswa RSBI.

3) Aspék Nuliskeun Kecap

Tina hasil analisis carpon kelas RSBI jeung kelas Reguler, kapanggih di kelas RSBI aya 8 kasalahan dina nuliskeun kecap turunan, 4 kasalahan dina nuliskeun kecap rajékan, jeung 8 kasalahan nuliskeun kecap pangantét. Sedengkeun di kelas reguler aya 5 kasalahan dina nuliskeun kecap turunan, 2 kasalahan dina nuliskeun kecap rajékan, jeung 7 kasalahan dina nuliskeun kecap pangantét. Dina nganalisis carpon kelas RSBI jeung Reguler kapanggih 22,73% carpon siswa RSBI jeung 20,59% carpon siswa Reguler masih aya kasalahan nuliskeun kecap turunan, 36,36% carpon siswa RSBI jeung 14,71% carpon siswa Reguler masih aya kasalahan nuliskeun kecap rajékan, 36,36% carpon siswa RSBI jeung 41,18 carpon siswa Reguler masih aya kasalahan nuliskeun kecap

pangantét. Cindekna, dina aspék nuliskeun kecap siswa Reguler leuwih unggul dibandingkeun siswa RSBI.

4) Aspék Ngagunakeun Tanda Baca

Dina ieu aspék, kapanggih jinis kasalahan anu sarua antara siswa RSBI jeung siswa Reguler nya éta kasalahan dina ngagunakeun tanda baca titik (.), tanda baca koma (,), tanda baca geret (-), jeung tanda baca condong. Dina aspek ngagunakeun tanda baca kapanggih 40,91% carpon siswa RSBI jeung 58,82% carpon siswa Reguler masih aya kasalahan ngagunakeun tanda baca titik (.), 63,64% carpon siswa RSBI jeung 88,23% carpon siswa Reguler masih aya kasalahan ngagunakeun tanda baca koma (,), 9,09% carpon siswa RSBI jeung 8,82% carpon siswa Reguler masih aya kasalahan ngagunakeun tanda baca geret (-), 13,63% carpon siswa RSBI jeung 11,76% carpon siswa Reguler masih aya kasalahan ngagunakeun tanda baca condong.

5) Aspék Karapihan

Saenggeus dianalisis, carpon anu disusun ku 22 siswa kelas VII B RSBI SMPN 1 Lembang aya 68,18% siswa anu geus rapih dina nyusun carpon. Sedengkeun 31,82% siswa anu can rapih dina nyusun carpon. Di kelas VII C Reguler SMPN 1 Lembang 70,59% siswa anu geus rapih dina nyusun carpon, sedengkeun 29,41% siswa anu can rapih dina nyusun carpon. Bisa dicindekeun, kamampuh siswa Reguler jeung siswa RSBI dina aspék karapihan rélatif sarua, tapi siswa Reguler saeutik leuwih unggul.

5.2 Saran

Sanggeus meunang pangalaman sacara langsung dina nganalisis carpon siswa RSBI jeung siswa reguler kelas VII SMPN 1 Lembang, nu nulis nepikeun saran-saran saperti ieu di handap.

- 1) Dina kagiatan nulis, siswa kudu bener-bener merhatikeun aspék nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, ngagunakeun tanda baca, eusi nu diébréhkeun, jeung karapihan tulisan.
- 2) Dina pangajaran basa Sunda, siswa RSBI kudu loba diajar deui dina kaparigelan nulis. Ku sabab siswa RSBI nu berstandar Internasional kuduna leuwih unggul tibatan siswa reguler.
- 3) Guru basa Sunda kudu memener kasalahan nu dilakukeun ku siswa dina nulis boh sacara langsung boh sacara teu langsung.
- 4) Lembaga atawa sakola bisa méré peningkatan proses diajar basa Sunda sacara husus jeung sacara umum bisa ningkatkeun kualitas pembelajaran ogé kualitas siswa di sakola.

Ieu saran muga-muga aya mangpaatna pikeun ngaronjatkeun pangajaran nulis, hususna nulis carpon.